



Pati 2: Leson 9

Fè bon tè a travay: Oumenm ak Lapriyè

Tè ki donnen anpil: Kòmanse yon lavi tounè ak Jezi

Tout relasyon ki fidèl e ki chita sou lanmou genyen yon gress bagay ki sanble—**bon komunikasyon**. De moun ki marye ki te pran angajman pou viv lavi yo youn pou lòt, se de moun ki mete komunikasyon onèt e entim anpriyorite. Anpil mari ak madanm rive kreye pwòp langaj pa yo, nan stil pa yo. Yo rive konprann sa lòt patnè a anvi, sa l bezwen paske yo sèlman entèprete kèk mo senp ak jès li. Paran ki tèlman renmen ptit yo pale byen dous ak yo epi koute yo lè yo montre lajwa yo ak sa ki twouble yo. Zanmi kominike pou yo pwofite pran plezi nan anbyans yo tout ansanm epi pou santi lavi a bèl pou yo. Si nou fè yon ti gade sèlman, n ap vin dekovri, plis yon relasyon byen fonde, se plis komunikasyon an konsène chak moun.



Bondye vle nou genyen komunikasyon sere avèk Li. Langaj nou pale lè nap kominike ak Bondye rele **lapriyè**. Nan lapriyè nou ka rive kot Bondye epi fè L konnen tout sa nou anvi anndan kè nou. Nan lapriyè, nou kapab pran san nou pou nou koute epi dekovri Bondye ki ap pale ak nou.

Menm jan ak li **pawòl Bondye a, lapriyè** se yon disiplin espirityèl k ap dire tout lavi, e se nan abitid chak jou nou ap aprann li. Lapriyè transfòme nou anndan kou deyò epi li fè relasyon nou ak Kris fonde pi plis.

PLAN POU OU GRANDI



Nan lesyon sa a w ap aprann yon disiplin espirityèl ki se lapriyè. Ou pral aprann :

- 1) Konsènan vi lapriyè Jezi
- 2) Kòman Jezi te anseye disip li yo pou priye
- 3) Kòman ou kapab priye



Avan ou ale pi lwen, fè yon ti kanpe epi mande Bondye ede w konprann pawòl Li, ede w aprann viv nan prezans Li, epi pou ou kapab tounen moun Li vle ou ye a.

VI LAPRIYÈ JEZI



Nouvo Testaman an rapòte plizyè egzanp konsènan vi lapriyè Jezi. Li pasaj Ekriti sa yo epi fè kèk obsèvasyon, di kisa ou wè.

- ❖ *Epi, byen bonè, avanjou, Jezi leve, li soti, l ale yon kote apa, epi li kòmanse lapriyè la (Mak 1:35).*
- ❖ *Vin rive yon lè nan jou sa yo, Jezi soti al sou yon mòn pou li lapriyè. Li pase tout nuit la ap lapriyè Bondye (Lik 6:12).*
- ❖ *Menm lè a, yo kite ni kannòt la, ni papa yo, epi yo suiv Jezi. Jezi pran pwomennen nan tout Galile. Li t ap anseye nan sinagòg yo, li t ap preche bon nouvèl wayòm nan, epi li t ap geri tout maladi ak tout enfimite ki te genyen pami pèp la (Matye 14:22-23).*
- ❖ *E, li menm, li te konn retire kò l pou l al nan dezè a pou li lapriyè (Lik 5:16).*



Nan ki moman Jezi te konn priye ?

Ki kote Jezi te konn priye ?

Poukisa ou panse Jezi te konn ale kote ki pa gen bri ?

Jezi te konn priye toutan. Moman li te konn priye yo pat rete sèlman nan yon lè nan jounen an osnon yon kote espesyal. Li te konn priye nenpòt ki lè e nenpòt ki kote li te vle. Sa te enpòtan anpil. Li te konn priye nan tout moman ki enpòtan nan lavi L e nan ministè L. Avan Li te kòmanse ministè L, Li te ale nan dezè a kote li pase karant jou ap lapriyè e jene. Priyè Jezi te fè ki te pi dramatik la, se te avan yo te arete L, tòtire L, epi krisifye L sou lakwa. Li te konnen li pat rete anpil tan ankò pou L viv.



Yo rive yon kote yo rele Jetsemane. Jezi di disip li yo: Chita isit la pandan m ap lapriyè. Li pran Pyè, Jak, ak Jan avèk li. Li kòmanse gen kè-sote ak kè-sere. Epi, li di yo: Mwen ta mouri, tank nanm mwen tris. Rete veye isit la. Li vanse pi lwen, li koube fas atè, epi li lapriyè pou si sa posib lè a ta pase lwen li. Li di: Aba! O Papa! Ou kapab fè tout bagay. Fè gode sa a pase lwen mwen. Men, pa fè sa mwen vle, fè sa ou menm ou vle. Lè li tounen, li jwenn y ap dòmi. Epi, li di Pyè: Simon, apa w ap dòmi? Ou pa t kapab veye menm inè d tan? Veye epi priye pou nou pa tonbe nan tantasyon. Lespri a vle, men, chè a fèb. Li tounen lapriyè ankò. Li di menm pawòl yo. Lè li retounen, li jwenn y ap dòmi ankò. Vrèmanvre, je yo te lou. Yo pa t konnen kisa pou yo reponn li. Li vini yon twazyèm fwa. Li di yo: N ap dòmi toujou? N ap poze kò nou toujou? Se fini! Lè a rive! Gade! Yo pral livre Pitit Lòm nan nan men pechè yo (Mak 14:32-41).

Kisa emosyon Jezi te konn santi yo te ye ?

Kisa Jezi te konn mande nan priyè L?

FOUYE PI FON : JEZI APRANN NOU KÒMAN NOU DWE PRIYE



Disip Jezi yo te konn gade L ap priye. Yo te wè enpòtans sa a te genyen nan laval L ak nan ministè L. Yo te anvi aprann priye menm jan avèk Li. “*Vin rive yon lè, Jezi t ap lapriyè yon kote. Lè l fini, youn nan disip li yo di li: Senyè, montre nou priye menm jan Jan te montre disip li yo*” (Lik 11:1). Pou reponn yo nan sa yo te mande a, Jezi te bay yo yon modèl pou yo priye, pafwa yo rele li Lapriyè Senyè a.

Donk, men kijan pou nou lapriyè:

*Papa nou ki nan syèl la,
Se pou yo kenbe non ou sen.
Se pou wayòm ou an rive.
Se pou volonte ou fèt,
Sou latè menm jan ak nan syèl la!
Jodi a, ban nou pen pou jounen an.
Padone nou pou mal nou fè,
Menm jan, nou menm tou,
nou padone moun ki fè nou mal.
Pa mennen nou al anba tantasyon.
Okontré, delivre nou anba Mechan an (Matye 6:9-13).*

Genyen plizyè ekspresyon nan Lapriyè Senyè a. **Kòman priyè sa :**

- **Louwe Bondye ?** _____
- **Soumèt devan Bondye ?** _____
- **Konfese devan Bondye ?** _____
- **Mande Bondye ?** _____

Genyen de pati nan Lapriyè Senyè a. **Dabò, li kòmanse avèk Bondye. Li rekonèt Li se Bondye, e nou menm nou pa Bondye.** Lè nou rekonèt Bondye anwo ap domine, nou soumèt lavi nou devan L.

Jezi kòmanse avèk “*Papa nou ki nan syèl la*”

Si Bondye se Papa nou, kisa sa di konsènan relasyon nou ak Bondye ?

Lè nou konnen Bondye se Papa nou, epi ou se pitit Li, kòman sa ede w lè w ap lapriyè ?

Apre sa Jezi te priye, “*Se pou yo kenbe non ou sen*”. “Sen” an vle di “apa.” Sa vle di Bondye pa menm avèk nou nan karaktè L. Sa se yon ekspresyon adorasyon ak louwanj.



Answit, Jezi aprann nou priye, “Se pou wayòm ou an rive. Se pou volonte ou fêt,
Sou latè menm jan ak nan syèl la!”

Kisa twa ekspreyson sa yo vle di ?



Kisa yo aprann ou konsènan relasyon w ak Bondye ?

Nan priyè ou yo, ki fason ou ta dwe ye nan lespri w lè w ap apwoche Bondye ?

Nan dezyèm pati Lapriyè Senyè a, Jezi pataje twa sijè ki okipe lespri L. Yo rele yo petisyon (sa vle di lapriyè pou mande sa nou bezwen), epi entèseson (oswa lapriyè pou plede pou lòt yo)*.

Jodi a, ban nou pen pou jounen an.

Kisa priyè senp sa vle di pou ou ?

Si ou konnen Bondye sansib pou bezwen w yo chak jou, epi ou kapab mande L sa ou bezwen pou tèt ou, eske sa ede w gen asirans lè w ap priye Bondye ? Esplike poukisa.

Padone nou pou mal nou fè, Menm jan, nou menm tou, nou padone moun ki fè nou mal.

Poukisa li enpòtan pou ou priye ?

Kòman lapriyè ak padon fè mache ansanm ?

Kisa priyè sa a di konsènan relasyon nou ak lòt yo ?

Pa mennen nou al anba tantasyon. Okontrè, delivre nou anba Mechan an.

Akote batay fizik nou yo, Bondye montre enterè pou batay espirityèl nou yo tou. Kisa priyè sa yo di nou konsènan lavi ?

Kòman ou kapab mande Bondye ede w lè w ap priye ?

JEZI BAY PRENSIP SOU KÒMAN NOU DWE LAPRIYÈ

Jezi te bay kèk prensip tou sou kòman nou dwe priye. Etidye vèsè sa yo epi pratike yo nan vi lapriyè w.

I. PRIYE SÈL, POU KONT OU AK SENSERITE

“Lè w ap lapriyè, pa fè tankou ipokrit yo. Paske, yo renmen kanpe nan sinagòg ak nan kafou gran chemen ap lapriyè, dekwa pou moun ka wè yo. Franchman, m ap di nou sa: Yo deja gen rekonzans yo. Men, ou menm, lè w ap lapriyè, antre nan chanm ou, fèmen pòt ou, lapriyè Papa ou ki la, an sekrè. Epi, Papa ou ki wè sa ki sekrè va remèt ou sa an piblik. Epi, lè n ap lapriyè, pa rablabla tankou payen yo. Paske, yo panse se avèk anpil pawòl, Bondye va rive koute yo. Donk, pa chèche sanble avèk yo. Paske, Papa nou deja konnen sa nou bezwen, menm anvan nou mande li” (Matye 6:5-8).

Kisa Jezi anseye w pou w evite lè w ap lapriyè ?

Si Bondye konnen sa ou bezwen avan menm ou mande, kòman sa ap ede w lè w ap priye ?

2. PRIYE AK ASIRANS

“Mande, epi yo va ban nou. Chèche, epi nou va jwenn. Frape, epi yo va ouvè pou nou. Paske, tout moun ki mande, yo resevwa. Moun ki chèche, yo jwenn. E, yo ouvè pou moun ki frape. Kilès moun pamí nou la a, si pitit li ta mande l pen, pou se yon wòch li ta lonje ba li? E, si pitit li ta mande l pwason, pou se yon sèpan li ta lonje ba li? Donk, si nou menm, atout nou mechan an, nou konnen pou nou bay timoun nou yo bon bagay, ebyen, se plis toujou pou Papa nou ki nan syèl la: Moun ki mande li, l ap ba yo bon bagay. (Matye 7:7-11).

Kisa Bondye pwomèt lè ou priye ?

Kisa Jezi vle di lè Li fè konprann Bondye p ap ba ou yon wòch lè ou mande pen ?

Kisa Jezi vle di lè Li fè konprann Bondye p ap ba ou yon koulèv lè ou mande yon pwason ?

Kòman sa kapab ede w gen asirans lè w ap lapriyè ?

3. PRIYE TOUTAN

Epi, li di yo: Sipoze youn nan nou ta ale kote yon zanmi l lannuit, epi li ta di li: "Zanmi, prete mwen twa pen. Paske, yon zanmi ki sot nan yon vwayaj vini lakay mwen. E, mwen pa gen anyen pou mwen sèvi li." Èske zanmi an t ap rete andedan an pou li reponn li, pou l di: "Pa deranje mwen. Pòt la déjà fèmen, e ni mwen ni timoun mwen yo, nou nan kabann. Mwen pa kapab leve al ba ou anyen"? M ap di nou sa: Menm si li pa ta leve ba li yo malgre se zanmi l li ye, men, poutèt se deranje zanmi an deranje l la, l ap leve ba li tout sa l bezwen. (Lik 11:5-8).

Kisa istwa sa aprann ou sou lapriyè ?

4. PRIYE AK IMILITE

Jezi di lòt parabòl sa a pou moun k ap konvenk tèt yo, yo se moun jis epi k ap meprize lòt moun. Li di: De zòm monte nan tanp lan al lapriyè. Youn te yon Farizyen. Lòt la te yon pèseptè. Farizyen an kanpe, li t ap lapriyè konsa nan kè li: "O Bondye, mwen rann ou gras dèské mwen pa tankou rès lòt moun yo ki volè, ki malonèt, ki adiltè, ni tou, tankou pèseptè sa a. Mwen fè jèn de fwa chak semèn. Mwen bay ladim sou tout sa mwen resevwa."

Pèseptè a, li menm, te kanpe lwen. Menm je l, li pa t vle leve nan syèl. Okontré, li t ap frape lestomak li, li t ap di: "Bondye, pitye pou mwen! Se pechè mwen ye."

Jezi di: M ap di nou sa: Se misye pito ki desann lakay li ak jistis Bondye sou li, pase lòt la. Paske, tout moun ki leve tèt yo, Bondye ap rabese yo. Men, moun ki rabese tèt yo, Bondye ap leve yo (Lik 18:9-14).

Kòman ou t ap ka esplike an detay sa ki diferansye de nèg sa yo ki t ap priye a ?

Eske ou konn santi w tankou dezyèm nèg la ki te priye a, ou santi li difisil pou w ta jwenn mo pou esplike sa ou vle di a ?

Poukisa dezyèm nèg la te sòti tankou yon moun ki jis devan Bondye ?

5. PRIYE AK LAFWA

"Paske, yon moun ka di mòn sa a: "Leve, jete tèt ou nan lanmè!" Franchman, m ap di nou sa: Si li pa doute nan kè li, e, si li kwè sa li di a ap rive, ebyen, sa li di a ap rive pou li vre! Se poutèt sa mwen di nou: Tout bagay nou mande nan lapriyè, kwè nou resevwa l. E, li va pou nou. Lè nou kanpe pou nou lapriyè, si nou genyen kichòy kont yon moun, padone li. Se Konsa Papa nou ki nan syèl la va padone fot nou yo tou" (Mak 11:23-25).

Ki kondisyon ki genyen pou priyè w ka efikas ?

GRANDI ANNDAN : APRANN LAPRIYÈ



Lapriyè se deklarasyon ou fè ak kè w ki swaf lanmou Bondye, Bondye ki konnen kè w la.

Priyè ka chanje lavi. Lè n ap pale de lapriyè nou vle pale sou fason ou konekte avèk Papa w ki nan syèl la. Okenn lòt bagay pa ka mennen w pi pre kè Bondye, pa kapab deplwaye pisans Li nan lavi w plis pase yon vi lapriyè.

Lapriyè se yon gwo kado ki sòti nan Bondye paske li fè nou sonje Li toujou la e li toujou renmen w. Ou ka apwoche Bondye ak konfyans paske Li pwomèt Lap koute w epi reponn priyè w yo.

Nou repete sa ankò, kòmanse yon abitid tounèf mande pasyans ak pratik. Sa yo se kèk konsèy pratik pou ede w priye.

I. PREPARE POU LAPRIYÈ

- ❖ **Prepare pou rankontre Bondye** – Lè w ap prepare pou priye, pou kòmanse ou dwe pran konsyans se Bondye ou pral rankontre. Ou nan prezans Bondye, e li pral koute w. Gen yon zòrèy kap koute w bò kote Papa nou ki nan syèl la.
- ❖ **Jwenn yon ti kote** – Sonje, Jezi te retire kòl apa pou kont li, yon kote rezève pou I priye pou kont li. Li pat vle anyen vin distrè L nan ti moman apa li ta p pase ak Papa L ki nan syèl la. Ou menm tou ale yon kote pou kont ou dekwa pou ou kapab konsantre tout bon vre epi pase yon tan apa ak Bondye. Yon kote ki pa gen bri ap ede w rete ansilans nan kèw ak lespri w.
- ❖ **Chèche tan** – Jezi te konn priye maten ak aswè epi nenpòt lè li vle. Nou kapab mete yon ti tan apa pou nou lapriyè. Sa ap edew genyen abitid la, men ou pa oblige fèmen tèt ou nan yon lè espesyal.

2. RESITE LAPRIYÈ JEZI TE MONTRE NOU AN



Resite Lapriyè Senyè a. Panse sou kisa mo yo vle di nan relasyon pa w ak Bondye, sa yo vle di nan lavi w, ak nan relasyon w ak lòt moun.

*Papa nou ki nan syèl la,
 Se pou yo kenbe non ou sen.
 Se pou wayòm ou an rive.
 Se pou volonte ou fèt,
 Sou latè menm jan ak nan syèl la!
 Jodi a, ban nou pen pou jounen an.
 Padone nou pou mal nou fè,
 Menm jan, nou menm tou,
 nou padone moun ki fè nou mal.*

*Pa mennen nou al anba tantasyon.
Okontrè, delivre nou anba Mechan an.*

Lapriyè Senyè a rakonte louwanj, soumisyon anba volonte Li, konfesyon pou peche nou yo, sa nou mande pou tèt nou epi entèsesyon pou lòt yo. Kòman ou kapab di menm kalte pawòl sa yo ak pwòp mo pa w ? Pran yon ti tan pou ou ekri yo nan pwòp mo pa w :

Louwanj ou yo

Soumisyon w anba volonte Li

Konfesyon w

Sa ou bezwen pou tèt ou (petisyon)

Sa lòt yo bezwen (entèsesyon)

Kounye a, priye ak mo pa w tout kalte pawòl ou vle di Bondye

Ansanm ak mentò ou a epi lòt disip yo tou, priye ansanm, mande Bondye pou Li dirije chemen w, pou Li fòtifye ak proteje w, epi ba ou sa ou bezwen chak jou.

Chak jou pandan semèn sa, cheche tan pou lapriyè apa. Priye Lapriyè Senyè a nan pwòp mo paw.

Tradui pa Jean-Mario Michel

© 2021 International Strategic Alliances, Inc. (ISA)

Dokiman sa yo fèt pou fòmasyon moun sèlman, yo kapab kopye epi sèvi avèk yo pou kalite travay konsa,

men yo pa dwe fè chanjman nan yo san International Strategic Alliances pa bay otorizasyon pou sa.

Tout pasaj Labib yo sòti nan Bib Kreyòl La (BKL), si se pa sa nou fè w konnen sa nan yon nòt

